

Bible lessons. **Lesson 49 GOD GAVE MANNA AND QUAILS TO THE SONS OF ISRAEL**

Exodus 16:1-5; 12-20; 31-36

Memory verse: **“I am the living bread which came down out of heaven. If anyone eats of this bread, he will live forever. Yes, the bread which I will give for the life of the world is my flesh.” John 6:51**

UHORAHU AHA MANU N’INKWARE AB’ISIRAYERI

Icirwa ca 78

Kuvayo 16:1-5; 12-20; 31-36

Ijambo ngenderwako : « *Ni jewe mutsima w’ubugingo wamanutse uvuye mw’ijuru ; ni hagira uwurya kuri uwo mutsima azohoraho ibihe bidashira. Kandi umutsima nzobaha n’umubiri wanje, utangirwa abari mw’isi ngo abari mw’isi bagire ubugingo » Yoh. 6:51*

I. Ingeso yo kwidodomba ibandanya mu basirwa ba Isirayeli.

Aha abana ba Isirayeli bari bageze mu bugararwa bw’i Sini. Hari ku musu ugira cumi na gatanu w’ukwezi kugira kabiri kuva bava muri Egiputa. Babuze ivyo kurya, baca batangura kwidodombera Mose na Aroni ; bavuga amajambo mabi y’agacavutu k’umuyobozi. **Umur. wa 3** « *Uhoraho iyo apfuma atwicira mu gihugu ca Egiputa, tuciteretse inkono z’inyama, tukirya ivyokurya tugahaga. None mwatuzanye muri buno bugararwa kugira ngo iri shengero ryose mutwicishe inzara. » wokwibajije ngo barakunda ishengero.*

Amajambo nk’aya yerekana ko badaha agaciro na gato igikorwa Uhoraho yabakoreye co kubakura muri Egiputa mu magorwa barimwo. Muri kamere y’umuntu, yibuka iciza akigikorera. Woshobora gukorera umuntu ivyiza birenga cumi, ku ncura ya cumi na rimwe bikunaniye, ntibibuza ko agutuka no kukuvuga nabi. Ibi nivyo bituma Imana isaba ko ukwiye gukora iciza, wiyumviye ko ubikoreye Imana kandi ariyo izobiguhembera.

II. Manu; igitutu c’umubiri wa Yesu.

Aba bantu barenga imiliyoni zibiri, kubagaburira mu bugararwa hatagira ivyatsi, vyoshobowe n’Imana gusa. Uhoraho niwe yabahaye uyu mutsima uva mw’ijuru. Bawita « **Manu** » abaha n’inkware barabaga bararya. Iyi Manu barayiriye imyaka mirongo ine. N’abavukiye m’ubugararwa niyo birira.

Yesu aravuga ngo : « *Ni jewe mutsima w'ubugingo. Ba sogokuru banyu barira manu mu bugararwa ; barapfa. Uwu ni wo mutsima umanuka uva mw'ijuru, ngo umuntu awuryako ntapfe.* » **Yoh. 6:48-50**

Aba basogokuru babo, abari bavuye muri Egiputa, kubera ugukomantara kw'imitima yabo, uyu mutsima naho bawuriye, ntibashitse mu gihugu c'isezerano bose. Bahoneye mu bugararwa.

Hari hakenewe ko haboneka umutsima w'ukuri, abawuriye bakaronka ubugingo budashira. Bakazinjira muri ya si yo mw'ijuru. (Manu yasubiriwe n'umubira wa Kristo. Yesu yatanze umubiri n'amaraso vyiwe, kugira bicungure abari mw'isi bamwizeye.

III. Ingero ikwiranye n'umusi

Imana isaba ab'Isirayeli gutora ingero ikwiye k'umusi k'umusi bivanye n'abo umuntu atunze mu rugo rwiwe. Kubera inyota yo kurundanya vyinshi ihora mu muntu, ntibavyumviye. Bamwe bakayora vyinshi ariko babishikana bagasanga vyagabanutse bigana n'ivyo bategerezwa gutwara. Babiraza naho bagasanga vyaboze. Bemererwa kwegeranya ingero ikuvyemwo kubiri buca ari isabato. Iki ni icerekana agaciro Imana yamye iha umusi wo kuyihimbaza. Ab'iki gihe naho barongorwa n'ukwizera, ntibagiha agaciro umusi wo gukoranira hamwe. Niwo musi bategurirako ibihe vyo kwinezereza, imisi yo mu miryango, n'ibindi.

Iki ni icerekana ko Uhoraho azi ivyo umuntu akenera vyose buri musi. Kandi ivyo yamuhaye nivyo biba bimukwiye. Ingorane ni uko umuntu atabubwa nivyo afise. Umugabo arasiga umugore wiwe mwiza mu nzu akaja kunyengerera mu mazu yaba malaya. Co kimwe n'abagore batagira imitima. Pawulo wewe yemera ko ahagijwe n'iviwe. **Abo I Filp 4:11** « *Sindabivuze kubwo ubukene, kuko nize kubumbwa n'ivyo mfise uko ndi kose.* »

IV. Gushira mu ngiro

Uhoraho ni we Mana ishobora vyose. Igihe cose atanguje umugambi ; azoruhuka arukwo uwushize mu ngiro. Kwidodombera Imana nta gaciro bifise kuko bituma imigenderanire yawe nawe itosekara kuko utanashima nivyo yaguhaye. Arazi ico uba ukeneye cose buri musi naho utorinda kubicumuriramwo. Mwizere umusabe.

Yatanze Manu ivuye mw'ijuru ayiha abana ba Isirayeli. Ubu ho yariyiziye nk'umutsima w'ukuri uvuye mw'ijuru ; yitanga k'umusaraba kugira ngo umwizeye wese ntazopfe urupfu rubi ahubwo ahabwe ubugingo budashira. Ni ahawe rero kwakira ubwo bugingo uyu musi nyene.